

# Konteste Reklamasyon Asirans Inondasyon w la

Pwogram Nasjonal Asirans Inondasyon FEMA a (NFIP, akwonim nan lang angle) dedye a ede moun ki gen asirans rezoud yon reklamasyon apre yon dezas inondasyon. Si konpayi asirans inondasyon w la refize tout oswa yon pati nan reklamasyon asirans inondasyon w la, aprann plis sou fason pou konteste desizyon an.

## Anvan ou Soumèt yon Kontestasyon

Depi konpayi asirans inondasyon w la refize tout oswa yon pati nan reklamasyon w la alekri, ou ka fè kontestasyon an nan FEMA. Sepandan, NFIP an premye rekòmande pou fè aksyon sa yo pou konprann oswa rezoud pwoblèm nan.

- **Revize dokiman reklamasyon w la.** Konfime ou te bay dokiman sipò ki kòrèk la ki pwouve pèt inondasyon ou epi ki jistifye kantite lajan yo mande a. Verifye nenpòt ak tout atik ou vle fè apèl nan lèt refi ke konpayi asirans inondasyon an voye.
- **Travay ak ajistè a** pou w konprann refi a epi rezoud nenpòt pwoblèm ak reklamasyon an. Apre w fin revize dokiman w yo, si w pa konprann poukisa ou te resewa yon refi, ajistè a ka ba w yon eksplikasyon ak/oswa sijere lòt etap ou ka pran pou rezoud reklamasyon w la. Anplis de sa, si apre revizyon dokiman w la, ou detèmine yon atik ki manke oswa ki pa nan lis la, ou ka voye moun k ap fè ajisteman w la dokiman sipò ki montre pèt la ak pri a. Tanpri sonje ke FEMA pa kapab revize yon kontestasyon pou yon atik konpayi asirans inondasyon an pa t refize.
  - **Si ou pa ka jwenn yon akò** avèk ajistè a, ou ka kontakte sipèviziè ajistè w la oswa egzaminatè konpayi asirans ou an pou w jwenn rekòmandasyon yo.
- **Revize kontestasyon ki sanble ak pwoblèm nan.** Vizite [floodsmart.gov/understanding-coverage-decisions](https://floodsmart.gov/understanding-coverage-decisions) (lyen ki mennen nan yon paj wèb nan lang angle) pou pi byen konprann pwoesis kontestasyon an epi revize desizyon kontestasyon ki sanble oswa ki sot pase yo bay FEMA.

Si w eksplorie opsyon sa yo epi w pa satisfè ak desizyon konpayi asirans ou a, kontinye ak yon kontestasyon nan FEMA.

## Elijiblite pou Depoze yon Kontestasyon

Chak moun ki gen asirans ki gen asirans atravè NFIP a gen dwa pou fè apèl kont refi a bay FEMA. Ou dwe **soumèt kontestasyon an nan lespas 60 jou** apre dat lèt refi konpayi asirans lan alekri. Jan sa di pi wo a, ou ka sèlman fè apèl kont sa konpayi asirans lan refize nan lèt yo.



**FEMA**

Pwosesis kontestasyon NFIP la pa disponib pou tout moun ki gen asirans ki depoze yon pwosè kont konpayi asirans yo oswa ki antre nan pwosesis evalyasyon an.

## Kondisyon pou Depoze yon Kontestasyon

- Eksplike pwoblèm nan (yo) alekri;
- Mete non moun ki gen asirans lan (yo), adrès pwopriyete asirans lan, nimewo kontra asirans inondasyon ak enfòmasyon kontak;
  - Mete yon kopi konplè refi alekri konpayi asirans lan; epi
  - Bay dokiman ki pwouve reklamasyon an. Sa a kapab foto atik yo refize konteste nan apèl la, estimasyon reparasyon kontraktè siyen, prèv reparasyon, yon jounal siye byen ranpli oswa nenpòt lòt dokiman, deklarasyon oswa prèv ki sipòte apèl la. Pou jwenn yon lis echantyon kalite dokiman, revize NFIP Claims Handbook nan [agents.floodsmart.gov/claims-handbook](https://agents.floodsmart.gov/claims-handbook) (lyen ki mennen nan yon paj wèb ann angle).

Pou ede asire ou mete tout enfòmasyon ki nesesè pou yon apèl, FEMA bay yon fòm NFIP Claims Appeal, ki disponib nan [agents.floodsmart.gov/nfip-claim-appeal](https://agents.floodsmart.gov/nfip-claim-appeal) (lyen ki mennen nan yon dokiman an angle). Sa a se yon fòm ki ka ranpli ki dwe louvri nan Adobe Reader. Imèl pake apèl ou a bay [FEMA-NFIP-Appeals@fema.dhs.gov](mailto:FEMA-NFIP-Appeals@fema.dhs.gov) oswa poste li bay FEMA, 400 C St. SW, 6th Floor SW, Washington, D.C. 20472-3010. FEMA pral trete apèl ke yo voye pa imèl yo pi vit pase sa yo voye pa lapòs regilye oswa livrezon eksprime. Tanpri sonje ke kondisyon sibèsekirite pa pèmèt FEMA jwenn aksè nan sit pataje dosye, CD, DVD oswa lòt aparèy depo elektwonik.

Si yon reprezantan soumèt kontestasyon an nan non w, li ta dwe endike relasyon nou (pa egzanp, avoka, paran/pitit, elatriye) epi yo dwe bay dokiman ki verifye ak otorize relasyon sa a, ki gen ladan yon dispans ki pèmèt aksè a enfòmasyon pèsonèl dapre Lwa sou Privacy, 5 U.S.C. § 552a. Pou plis enfòmasyon sou fason pou otorize yon reprezantan, vizite NFIP Claims Handbook nan [agents.floodsmart.gov/claims-handbook](https://agents.floodsmart.gov/claims-handbook) (lyen ki mennen nan yon paj wèb ann angle).

## Kisa pou w atann apre w fin depoze yon kontestasyon

FEMA ap rekonèt li resevwa apèl la alekri epi mande konpayi asirans lan dosye reklamasyon an. FEMA pral revize dosye apèl ak reklamasyon an, epi answit detèmine si konpayi asirans lan te refize reklamasyon an kòrèkteman. FEMA ka bezwen plis enfòmasyon nan men ou; si se konsa, w ap gen yon lòt 14 jou kalandriye apati dat demann FEMA a. FEMA ap bay yon desizyon pou apèl alekri ak enfòmasyon espesifik konsènan rezolisyon apèl la. Lèt sa a pral mete fen nan pwosesis apèl la.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis kontestasyon NFIP, vizite [floodsmart.gov/appeal-your-flood-claim](https://floodsmart.gov/appeal-your-flood-claim) (lyen ki mennen nan yon paj wèb nan lang angle). Pou aprann plis sou NFIP an jeneral, vizite [floodsmart.gov](https://floodsmart.gov) (lyen ki mennen nan yon paj wèb an Angle) oswa [fema.gov/ht](https://fema.gov/ht), oswa kontakte FEMA Mapping and Insurance eXchange (FMIX, akwonim an Angle) nan 877-336-2627.

## Resous ki konsène

- Kòmanse rekiperasyon w la: Fèy enfòmasyon sa a detaye kijan moun ki gen asirans yo ka kòmanse pwosesis rekiperasyon an apre yon evènman inondasyon. Revize etap kle nan pwosesis rekiperasyon an nan [agents.floodsmart.gov/startng-your-recovery](https://agents.floodsmart.gov/startng-your-recovery) (lyen ki mennen nan yon piblikasyon an Angle).
- Gid NFIP pou Rebatí pi an sekirite epi pi solid apre yon inondasyon: Gid sa a bay enfòmasyon sou rekonstwiksyon ak rediksyon apre yon inondasyon. Pou plis enfòmasyon, vizite [agents.floodsmart.gov/rebuilding-after-flood](https://agents.floodsmart.gov/rebuilding-after-flood) (lyen ki mennen nan yon piblikasyon an Angle).